



Monseigneur Max Leroy Mésidor

*Dei gratia et Apostolicae Sedis Auctoritate
Archiepiscopus Metropolitanus, Archidiocesis Portus-Pri*

Nòt pou laprès Acheveche Potoprens



Se pou nou lite pou fè respekte lavi ak diyite tout moun.

1-Pandan nap prepare nou pou fete 215 lane batay Vètyè a, Acheveche Potoprens mete chapo li byen ba pou li salye kouray, diyite ak lonè respè pèp Ayisyen an. Viktwa Vètyè a ki mete kanpe listwa nou kom pèp montre kijan nou konn batay pou libète ak egalite kapab respekte, ansanm ak tout kalite valè ki soutni fòs yon nasyon : pridans (atansyon pa kapon), jistis, fòs ak kapasite pou w kontrole tèt nou (paske se mèt kò ki veye kò).

2- Zansèt nou yo, fanm ak gason vanyan nan peyi sa a, pandan 215 lane sa yo, te bay san yo ak tout dlo ki nan kò yo pou fè tè sa a vin bon. Gen anpil gwo jefò ki te kon n fèt, gen anpil lòt ki merite fèt ankò paske nou pa dwe sispan n lite pou defan n dwa nou genyen kòm pèp : dwa pou nou viv lib, pou lajistik tabli, pou simaye lasante, pou gen plis travay, pou nou jwen n sekirite, pou gen lekòl, pou pèson n moun pa gen baboukèt nan bouch li lè li vle defan n konviksyon li tankou sitwayen, konviksyon politik, moral ak lafwa li nan Bondye.

3- Lè nou sonje kijan Vètyè se te yon batay, nap konpran n kijan nou dwe kontinye lite jodia toujou pou nou fini ak enjisitis, pou nou sispan n travay nan chomeko, pou zafè moun anro ak moun anba, moun andeyò ak moun lavil la sispan n, pou n konbat koripsyon, pou n fini ak reyalite kote gen moun ki pa bay lalwa regle anyen pou yo, pou n konbat lamizè, dezòd, piyay ak kraze brize, pou koupe pye bwa ak fatra sispan n fini ak nou. Sansa nou pa wè demen miyò pou jenès la.

4- Acheveche Pòtoprens kondane tout menas vyolans ak menas lanmò kap fèt yo, li kondane zafè pou yap tire sou moun nan, epi move imaj kadav ki blayi nan kèk katye kapital la. Kote respè nou genyen pou lavi moun nan pase ? Ki sa kap pase konsa nan sosyete nou an ? Kote enstitisyon leta yo ?



Monseigneur Max Leroy Mésidor

Dei gratia et Apostolicae Sedis Auctoritate
Archiepiscopus Metropolitanus, Archidiocesis Portus Pri

5- Acheveche Pòtoprens fè nou sonje pa gen anyen, oken n rezon, menm sa ki parèt pi enpòtan pou yon moun, ki bali dwa fè vyolans sou pitit gason ak pitit fi peyi sa a, pou l ap kraze brize epi wete lavi moun. *Acheveche Pòtoprens sèten pèsou n moun pa ka anpeche pitit fi ak pitit gason peyi sa a pran mwayen konstitisyon an ba yo, pou defann dwa yosan vyolans.* Se pou sa li mande pèp la pou l vijilan, pou l pa kite pèsou n moun fèl pèdi kontrol li.

Nou mande lapolis pou li ankadre moun kap manifeste yo, pou li mete lòd kote ki vle gen dezòd, san li pa fè vyolans li menm tou, san l pa maltrete moun. Nou pa vle pou apre manifestasyon yo gen moun ki mouri oubyen ki blese.

6- Acheveche pòtoprens mande tout fidèl yo pou yo fè yon lapriyè espesyal pou Ayiti jou dimanch kap 18 novanm nan, se Jou Granmèt la.

- *Se pou lafwa pèp Ayisyen an ki toujou soutni li pandan tout move moman istwa li vin pi fèm nan Bondye ak nan kapasite li genyen pou l bati, mete tèt ansanm ak pote laviktw !*
- Se pou lespwa li genyen pou yon lavi miyò ede li kontinye lite chak jou Bondye mete pou fè respekte diyite li ak tout valè li gen lakay li !
- Se pou bon kè ki kon n mare nou youn ak lòt depi nan tan lontan jous jounen jodi a, Ayisyen ki nan peyi a tankou sila yo ki tou patou sou latè, parèt aklè nan renmen nou genyen pou peyi sa a ak respè pou lavi moun !

"Gade kijan sa bèl, kijan sa bon lè nou tout ansanm ap viv tankou frè ak sè!" Ps 133,1

Nòt sa a soti nan Acheveche Pòtoprens, jou ki te 15 novanm 2018 la.



+ Max Leroy MÉSIDOR

Archevêque Métropolitain de Port-au-Prince.